

## Sèvis Viktim

Sèvis sa yo disponib ak viktim yo, selon kalifikasyon yo. Estaf Pwojè Imigran Sivivan (Immigrant Survivors Project, ISP) yo kapab ede w oswa mete w an kontak ak Defansè Viktim la nan kominate ou an ki kapab ede w ak sèvis sa yo.

### I. Pwogram Èd Konpansasyon pou Viktim (Victim Compensation Assistance Program)

Pwogram Èd Konpansasyon pou Viktim lan kapab ede viktim yo konpanse depans krim la epi gen domèn depans sa yo ladan li:

- Depans medikal
- Sèvis Konsèy
- Pèdi revni
- Pèdi sipò
- Depans antèman
- Depans vwayaj
- Gadri
- Lajan yo vòlè
- Demenajman
- Netwayaj sèn krim lan
- Lòt depans

#### Pou resevwa konpansasyon:

- Krim lan dwe fèt nan Pennsylvania;
- Yo dwe te deklare krim lan oswa te depoze yon òdonans pwoteksyon kont abi (protection from abuse, PFA) nan twa (3) jou;
- Viktim lan dwe kowopere ak lapolis, tribinal, epi Pwogram Èd Konpansasyon Viktim yo;
- Viktim lan dwe depoze yon reklamasyon nan de lane yo te fèm krim lan;
- Viktim lan pa dwe enplike nan aktivite ilegal ki lakòz krim lan;
- epi viktim lan pèdi pou pi piti \$100 lakòz krim lan (si w gen mwens pase 60 lane). Yo fè kèk esepsyon pou viktim ki gen mwens pase 18 lane yo.
- Paramèt konpansasyon VCAP yo:
- VCAP se moun ki peye nan dènye rekou a.
- VCAP kapab ranbouse kopeman asirans; depans ki fèt lakay founisè ki pa nan rezo a epi lòt depans ki sòti nan pòch ou.
- Ou kapab kontakte VCAP nan (800) 233-2339 <http://pcv.pccd.pa.gov/available-services/aspx> pou jwenn plis enfòmasyon.
- VCAP pa ranbouse viktim pou doulè ak soufrans oswa pou pwopriyete yo vòlè oswa donmaje (ak kèk esepsyon).
- Gen kèk limit nan ki kantite lajan kèk avantaj pral bay. Prim global maksimòm lan se \$35 000.

## SÈVIS VIKTIM

### II. Pwogram Adrès Konfidansyèl (The Address Confidentiality Program, ACP)

ACP ede viktim vyolans domestik yo, agresyon seksyèl oswa asèlman kenbe nouvo adrès lakay yo san danje pou koupab yo an pa konnen li aprè yo te fin sòti nan yon sitiyasyon ki maltrete yo oswa danjere.

Pwogram lan gen de (2) pati fondamantal. Premyèman, ACP ap bay yon lòt adrès pou viktim yo ki te demenaje ale rete nan yon novo zòn kote koupab yo an pa konnen. Dezyèmman, pwogram lan bay patisipan yo yon sèvis lapòs konfidansyèl premye klas ki gratis pou voye lèt.

Pwogram lan se pa yon pwogram ki la antanke temwen oswa pou demenajman, kidonk, yo ankouraje patisipan yo ki nan Pwogram Adrès Konfidansyèl la pou yo itilize pwogram lan nan kad yon gwo pwogram sekirite global.

#### Kijan ACP a fonksyone?

ACP bay viktim ki elijib yo yon lòt adrès postal pou sere adrès kay aktyèl yo nan dosye piblik la pou koupab yo an pa kapab jwenn kote yo rete a.

Yo kapab itilize adrès sa a antanke adrès legal yo pou dosye Tribunal ak gouvènman an, tankou lisans chofè, kat idantifikasyon ki pa gen foto, anrejestreman machin, dosye lekòl, enskripsyon elektè, ak maryaj, epi demann tribinal.

Kote yo fin apwouve epi enskri w nan pwogram lan, y ap bay patisipan yon kat otorizasyon ki gen ladan li non moun sa a, siyati li, lòt adrès ak yon nimewo endividiyèl patisipan an.

Yo kapab itilize lòt adrès la antanke adrès legal patisipan an. Pwogram lan ap transfere tout lèt premye klas, anrejistre epi sètifye yo bay patisipan an.

#### Kalifikasyon

ACP disponib pou tout moun ki viktim vyolans domestik oswa agresyon seksyèl oswa asèlman epi yo te oblige demenaje oswa ap planifye pou yo demenaje ale nan yon novo zòn pou rezon sekirite yo. Tout moun k ap viv nan menm kay avèk viktim lan (pa egzanp, timoun, paran, oswa frè/sè, oswa patnè yo) kapab elijib pou yo patisipe tou.

#### Kontakte Nou:

Si ou gen kesyon sou pwogram nou yo, tanpri kontakte nou:

Pa Lapòs:

Pwogram Adrès Konfidansyèl | Biwo Defansè Viktim (Address Confidentiality Program | Office of Victim Advocate)

PO Box 2465

Harrisburg, PA 17104

Nan Telefòn: 1.800.563.6399

Pa Faks: 717.787.4343

Pa Imèl: [ra-ovainfo@pa.gov](mailto:ra-ovainfo@pa.gov)

### III. PA SAVIN

Sistèm enfòmasyon otomatik viktим Pennsylvania (Pennsylvania's automated victim notification system, PA SAVIN) se yon sèvis pou viktим krim yo bay w avi gratis, konfidansyèl konsènan liberasyon yon delenkan, transfè oswa evazyon li. Sèvis PA SAVIN la gen ladan li delenkan ki sou siveyans prizon konte a, prizon eta yo, epi libète sou kondisyon eta a.

**Si delenkan an nan yon prizon konte a, ou menm, fanmi w, epi sèk sipò ou kapab resevwa enfòmasyon sou deplasman delenkan an:**

- Kilè yo libere delenkan an nan prizon
- Si delenkan an sove
- Si yo transfere delenkan an nan yon lòt zòn
- Pou anrejistre, [klike la](#).

**Si delenkan an nan yon prizon eta a oswa nan libète sou kondisyon nan eta a, gen enfòmasyon ak sèvis adisyonèl kote ou, antanke yon viktим krim, kapab resevwa nan men [Biwo Defansè Viktim lan](#).**

**Enfòmasyon ak sèvis yo gen ladan yo:**

- Enfòmasyon otomatik sou transfè, liberasyon, evazyon, ak lòt kalite chanjman gad atravè PA SAVIN
- Yon opòtinite pou esprime santiman ou yo konsènan liberasyon delenkan an. Sa a se yon mwayen pou fè moun k ap pran desizyon yo konnen preyokipasyon ou kapab genyen sou sekirite ou ak fanmi w epi pou fè demann kèk kondisyon liberasyon pou mete yo an vigè si yo apwouye liberasyon delenkan an.

Pou jwenn plis enfòmasyon epi anrejistre, kontakte [Biwo Defansè Viktim lan](#) nan (800) 322-4472, (800) 563-6399, oswa (877) 349-1064 (TDD) pandan èdtan regilye travay yo.

**Enfòmasyon adisyonèl sou PA SAVIN:**

- [Recursos de Pennsylvania SAVIN](#)
- [Kisa sèvis la pral fè pou mwén?](#)
- [Ki pwosesis pou mwén anrejistre?](#)
- [Kisa mwén dwe konnen?](#)
- [Ki dwa mwén genyen?](#)
- [Kisa k ap pase si...](#)
- [Avi yon viktим sou PA SAVIN](#)

**Biwo Federal Prizon**

Si delenkan an nan yon prizon federal, **antanke yon** viktим krim federal, ou kapab resevwa enfòmasyon presi sou aktivite enpòtan ki kapab parèt pandan tout pwosesis jistik penal la.

- Pou jwenn plis enfòmasyon, [klike la](#).

## SÈVIS VIKTIM

### Pwogram Enfòmasyon sou Viktim Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn nan peyi Etazini

Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) gen yon Pwogram Enfòmasyon Viktim pou viktim ki elijib yo ak temwen yo pou enfòme yo aktivite ki gen rapò ak liberasyon yon etranje ki sou gad ICE.

- Enfòmasyon sou pwogram lan, tankou yon fòm anrejistreman viktim, disponib [la](#).

### IV. KONSÈY AK TERAPI

Ou kapab jwenn avantaj sèvis konsèy la si w se te viktim yon krim.

Aprè yon krim, viktim yo souvan kòmanse gen enkyetid, tristès, chagren, kòlè epi depresyon. Ou kapab remake w pa kapab dòmi oswa pran desizyon. Sèvis Konsèy la kapab ede w rezoud pwoblèm sa yo, diminye estrès, ede w aprann nouvo konpòtman yo, epi konprann pwòp panse ou yo ak santiman ou yo. Sèvis Konsèy la kapab ede w fè fas pou konprann kijan krim lan chanje lavi w.

Se yon bon lide li ye pou panse ale wè yon konseye, espesyalman si pwoblèm ou an mele ak aktivite chak jou ou oswa ou fè eksperyans ak santiman sa yo pou yon peryòd tan ki pwolonje. Ou kapab kontakte [Pwogram Sèvis Viktim](#) lokal ou an, epi yo disponib pou yo reponn ou kesyon yo epi ba w konsèy sipò.

Genyen plizyè kalite pwofesyonèl sante mantal ki kapab ede w, tankou sikològ, sikyat, travayè sosyal, ak konseye. Ou ka vle jwenn yon [terapis espesyalis chòk](#) oswa patisipe nan yon gwoup antrèd epi pale ak moun ki te viktim krim tou.